

early steps



Early Steps provides services to infants and toddlers, age birth–36 months, with developmental disabilities or delays.

Early Steps serves children in their communities where they live, learn and play.

REFERRAL

The Centers for Disease Control and Prevention recommends a referral to early intervention as soon as possible after an infant is diagnosed to ensure maximum benefit. If you have a baby born with Zika infection, Early Steps services are available to you by calling 1-800-218-0001.

SERVICES

Infants born with Zika infection may require additional evaluations and follow-up care, including developmental supports. Early Steps provides individualized services that support families in meeting their child's developmental needs. These services include service coordination, information on child development, parent and caregiver information, and other developmental services and supports determined necessary.

COSTS

There is no income requirement to qualify for the program. Children are served, regardless of the family's income, and families are not charged for services. However, public insurance is billed, and private insurance is billed with the family's permission.

Zika Infection

Infants born with Zika infection and/or microcephaly are eligible for Early Steps.

The most rapid brain development occurs in the first 1,000 days of life, which is a critical window for learning to see, talk, walk and think.



www.earlystepsdirectory.com
1-800-218-0001

early steps

Early Steps bay sèvis pou tibebe ak jèn bebe, jiska ki gen laj 36 mwa, epi ki gen andikap oswa reta devlopmanal. Early Steps sèvi timoun yo nan kominote kote y ap viv, aprann ak jwe.

REFERANS

Centers for Disease Control and Prevention (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande yon referans nan entèvansyon rapid san pèdi tan apre yon doktè fè dyagnostik sou yon tibebe pou asire avantaj maksimòm. Si ou gen yon tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika, sèvis Early Steps disponib pou ou depi ou rele nimewo 1-800-218-0001.

SÈVIS YO

Tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika ka bezwen evalyasyon siplemantè ak laswenyaj siplemantè, tankou sipò devlopmanal. Early Steps bay sèvis ki adapte pou chak moun apa epi ki sipòte fanmi yo pou yo satisfè bezwen devlopmanal pitit yo. Kèk nan sèvis sa yo se kowòdinasyon sèvis, enfòmasyon sou devlopman timoun, enfòmasyon pou paran ak moun k ap bay swen, ak lòt sèvis ak sipò devlopmanal yo detèmine ki nesèsè.

FRÈ POU PEYE

Pa gen egzijans dapre revni pou kalifye pou pwogram nan. Timoun yo ap resevwa sèvis yo, kèlkeswa revni fanmi yo, epi nou p ap fè fanmi yo peye frè pou sèvis yo. Men, n ap voye bòdwo ba asirans piblik, epitou n ap voye bòdwo ba asirans prive avèk pèmasyon fanmi an.

Enfeksyon Zika

Tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika ak/oswa mikwozefali kalifye pou Early Steps.

Devlopman sèvo ki pi rapid la fèt nan premye 1,000 jou lavi tibebe a, ki se yon peryòd ki enpòtan anpil pou aprann wè, pale, mache ak panse.

www.earlystepsdirectory.com
1-800-218-0001

